# POLATBAY TNIBAEV

*Ózbekistan mamleketlik konservatoriyası Nókis filialı*
*"Muzıka kórkem óneri" fakulteti 2-kurs studenti*
***Tlepov Ílxambek***
*Ilimiy basshı:* ***Kamalova Gúlmaryam***

**Annotatsiya**: Bul maqalada Qaraqalpaqstan demli saz asbapları orkestr jámááti tiykarshısınıń biri pedagog, dirijyor, sázende Polatbay Tnbaevtıń ómiri hám dóretiwshiligi haqqında maǵlıwmat berilgen**.**

**Gilt sózler:** Mádeniyat, kórkem óner, opera, balet, teatr, konservatoriya.

Demli ásbaplar qaraqalpaq muzıka kórkem ónerine ótken ásirdiń 40-jıllarınan keyin kirip kelgen dúnya júzlik saz ásbapları qatarına kiredi. Olardan milliy kadrlar hesh joq edi.

Qaraqalpaqstan Respublikasında demli saz ásbaplar atqarıwshılıǵınıń rawajlanıwı, bul jóneliste kadrlar ilimiy dárejesin asırıw, ilimiy dóretiwshilik iskerligin jáne de rawajlandırıw, qábiliyetli jaslardı izlep jóneliske tartıwda kóplegen jumıslar alıp barılmaqta. Bul úlkede tuwılıp ósken birqansha áwlad Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyasında bilim alıp, úlken nátiyje hám tájiriybege iye bolǵan dirijyorlar, demli saz-ásbaplar atqarıwshıları hám tajiriybeli pedagog kadrlar kámal tapqan. Bular arasında Tnıbaev Polat (fagot), Musaev Timur (fagot), Orınbaev Erkin (gaboy), Qudaybergenov Tólepbergen (truba), Erniyazov Aydos (valtorna), Xabipov Miyras (dirijyor, fleyta), Zoitov Timur (klarnet), Aliev Nursultan (trombon), Jumabaev Ábdirasul (trombon), Sharipov Jaqsılıq (tuba) h.t.b.

Filialımızda demli ásbaplar bóliminiń rawajlanıwına úlken úles qosıp atırǵan pedagoglardıń biri bul Polat Tnıbaev bolıp tabıladı. Ol 1981-jılı Nókis qalasında tanıqlı Tnıbay baqsınıń shańaraǵında dúnyaǵa kelgen. Onıń ata-babaları qaraqalpaq

muzıka mádeniyatınıń rawajlanıwında jemisli miynet etken tanıqlı baqsılar edi. Onıń ákesi Kárimbay baqsı, atası Tnıbay baqsı, argı atası Qurbanbay baqsı elimiz súygen kórkem óner shaydalarınan edi. Sonlıqtan P.Tnıbaev balalıǵınan muzıkalıq ortalıqta ósken.

1988-1996-jılları ulıwma orta bilim beriw mektebinde tálim alıp, sol menen bir waqıtta Esjan baqsı atındaǵı muzıka bilim jurtında akkardyon klasında oqıdı. 1996-2000-jıllar aralıǵında házirgi Nókis qánigelestirilgen mádeniyat mektebinde girjek ásbabında A.X.Abdullaev klasında tálim aldı. 2000-jılı Muxtor Ashrafiy atındaǵı Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyasına fagot ásbabına Xamid Kadirov klasına oqıwǵa kiredi. Bul jerde júdá kóp qıyınshılıqlardı basınan keshirgen. P.Tnıbaev konservatoriyanı tabıslı tamamlap, 2006-2008-jılları "Opera hám simfoniyalıq orkestr dirijyorlıǵı" bóliminde Z.V.Xaqnazarov klasında magistratura baǵdarında bilim aladı. Bul baǵdarda "Chaykovskiydiń №6 simfoniyası" haqqında dissertaciya jumısın jaqlaydı. P.Tnıbaev Nókis qánigelestirilgen mádeniyat mektebinde, Berdaq atındaǵı qaraqalpaq mámleketlik akademiyalıq muzikalı teatrında jumıs isleydi.

2013-jıldan baslap, demli saz-ásbaplar orkestrin dúziw ushın jedel kirisedi. Bul orkestrdiń ashılıwı júdá qızıqlı bolǵan. P.Tnıbaev bir kúni jumısqa demli ásbaplar ushın jazılǵan A.Volkovtıń "Egerskiy marsh" shıǵarmasın alıp keledi. Bul shıǵarmanı oqıwshılarına esittirip, sherttirip kórse hámmesi jaqsı atqarıp beredi. Keyingi sabaqta "Fanfarniy marsh" shıǵarmasın alıp keledi. Oqıwshılar bul shıǵarmanı da júdá qızıǵıwshılıq penen kútip alıp, súyip atqaradı. Solay etip, demli ásbaplar orkestriniń baǵdarlaması tayın boladı. 2015-jılı 20-noyabr kúni P.Tnıbaev basshılıǵındaǵı birinshi koncert baǵdarlaması keń jámiyetshilik tárepinen kóterińki ruwxta kútip alınadı. Qaraqalpaqstanda demli saz-ásbaplar orkestri júdá jaqsı rawajlanıp, 2015-2017-jılları demli orkestrdiń koncertleri júdá jetiskenlikke eristi.
Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyevtiń 02.02.2022 jıldaǵı PQ-112-sanlı qararında alıs aymaqlarda jasaytuǵın puqaralarǵa materiallıq dem alıw xızmetlerin kórsetiw

dárejesin asırıw, respublikanıń barlıq aymaqlarında teatr, cirk hám basqa túrdegi ǵalabalıq-materiallıq hám konsert-tamasha ilajların sistemalı túrde jolǵa qoyıw, mádeniyat hám kórkem óner salasında uqıplı jas dóretiwshilerdi ızlep tabıw hám qollap-quwatlaw, tálim mákemelerin milliy asbaplar, muzıka sabaqlıqları, notalar jıynaqları hám oqıw -metodikalıq ádebiyatlar menen támiyinlewdiń pútin sistemasın jaratıw maqsetinde[1] mámleketimizde keń kólemli jumıslar alıp barılmaqta. Sol qatarda filialımızdıń demli ásbaplar orkestri de Respublikamızdaǵı birqansha baǵlarda, dem alıw orınlarında koncertler berip kelmekte.

Ózbekstan mámleketlik konservatoriyası Nókis filialınıń Tar hám úplep shertiletuǵın ásbaplar bóliminde islep, filialdıń simfoniyalıq orkestri menen dirijyorlıq etken namaları menen óz ıqlasbentleriniń kewlinen orın alıp kelmekte. Miynet jolı dawamında A.Babajanyan "Noktyurn," Abay Qunanbaev sózine "Kózińniń qarası," "Pol Mariya Takata," "Jorj Bize Karmen operasınan Uvurtyura," Sulayman Yudakovtıń "Maysaranıń isi" operasınan."Shepan qosıǵı," Juzeppe Verdidiń "Rigoletta" operasınan "Dúshektiń qosıǵı," Nájimatdin Muxammeddinovtıń "Ájiniyaz" operasınan "Ájiniyaz ariyası," Sulayman YUdakov "Maysaranıń isi" operasınan "Xajı darǵa ariyası," Sharaf Rashidov sózine Sulayman YUdakov muzikası "Dugonalar," Rus xalıq qosıǵı "Ax tı dushechka," Jorj Bize Karmen operasınan "Toreadordıń kupleti," Juzeppe Verdidiń "Siciliyskaya vechernya" operasınan "Bolero Yelenanıń qosıǵı," Asqad Muxtar sózine Enmark Salixov muzikası "Umid," "Two Fanfare Charles Michielis," "Fanfarniy marsh" (qayta islengen) M.Vaxutinskiydiń, "Yegerskiy marsh" (sozlanǵan) V.Volkovtıń "Vdol po Piterskoy" - "Russkaya narodnaya pesnya" namaları házirgi kúnde de xalqımızǵa kór "Marusya A.Zatsepin," "Vals rasstavaniya Yan Frenkel," "Keldim," "Na sopkax manchjurni" I.Shatrova, "Podmoskovnıe vechera iz kinofilma," "James Bond Soundtrek," iz operı Ajiniyaz.

[1] Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyevtiń 02.02.2022 jıldaǵı PQ-112-sanlı qararı

"Ay Shopan," sonday-aq, belgili kompozitordıń shıǵarmalarınan Iogann Shtraus "Radetskiy marsh," Djakomo Puchchini "Djanni skikki" operasınan "Lauretta ariyası," Djuzeppe Verdidiń "Travyata" operasınan "Zastolnaya dueti," "Pirati Karibskogo morya," L.Betxovenniń "Fortepiano hám orkestr ushın koncert No3 bólim," Y.Gaydn "Re major fortepiano hám orkestr ushın koncert," E.Grigtiń "Peshera gornogo korolya," Betxovenniń "Peshera gornogo korolya" shıǵarmaları jazılǵan. "5-simfoniya 1-bólim," Mocarttıń "40-simfoniya 1-bólim," P.Chaykovskiydiń "1-simfoniya 4 bólim," A.Xachaturyannıń "Vals maskarad," G.Sviridovtıń "Vals Metel," Y.Shtraustiń "Radetskiy marsh," M.Leviyevtiń "Aq lalalar," K.Zaretdinovtıń "Tumaris," M.Burxanovtıń "Maftun boldım," K.Zaretdinovtıń "Yor ishqi," P.Yermishevtiń "Sveti zemlya moya," D.Shostakovichtiń "Russkiy vals No2," U.Abdullayevanıń "Watan degen" muzıkalı shıǵarmaları usılar qatarına kiredi.

P.Tnıbaev búgingi kúnde Qaraqalpaqstan Respublikasında mádeniyat tarawında jemisli miynet etip atırǵan kórkem óner ǵayratkerlerinen biri. Dirijyordıń pedagogikalıq iskerligi de ayrıqsha áhmiyetke iye. Házirgi kúnde onıń 50 ge jaqın shákirtleri elimizdiń eń jaqsı atqarıwshıları qatarınan orın alıp, mádeniyat tarawındaǵı mákemelerde tabıslı jumıs islemekte.

Óz shákirtlerinen hárdayım juwapkershilikti, intizamlıqtı hám shıdamlılıqtı talap etiwshi P.Tnıbaev Paganinidiń "Bir kún shertpesem ózimdi jaman sezemen, eki kún shertpesem átirapımdaǵılar, úsh kún shertpesem xalıq sezedi", - degen sózlerge ámel qıladı. P.Tnıbaev pedagogikalıq iskerligi menen birge ilimiy jumıslar menen de úzlúksiz shuǵıllanıp kelmekte. Búgingi kúnde "Qaraqalpaqstanda orkestrdiń rawajlanıwı hám onıń jaslar mánáwiy tárbiyasındaǵı pedagogikalıq tiykarları" atamasındaǵı doktorlıq dissertaciyasın jaqlamaqta.

P.Tnıbaev qaraqaqalpaq mádeniyatınıń rawajlanıwı ushın pidáyı xizmet etip, filialımız studentlerine jetik qánige bolıp shıǵıwı ushın óz ústinde islewi, tárbiyalılıq, insanlardı húrmet etiw kibi ullı sezimlerdi úgit násiyatlap hár tárepleme

tuwrı jol kórsetip kelmekte. Dirijyordıń keleshektegi jumıslarına tabıslar tilep qalamız. Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis filialında pedagog kadrlar ilimiy dárejesin jetilistiriw hám de demli saz ásbaplar atqarıwshılıǵı kórkem ónerinde bilim alıp, rawajlanıp atırǵan jaslarımız táliminiń birgelikte sıpatın asırıw boyınsha keń kólemli jumıslar alıp barılmaqta. Óz jumısına pidayı bolǵan barlıq ustazlar járdeminde bul úlkeniń qábiliyetli perzentlerin jaqın keleshekte Respublika hám jáhán saxnalarına alıp shıǵıp, olardıń jetiskenliklerin qolǵa kiritkenliginiń gúwası bolamız.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**

1.Келдыш, Т. Г. ДжакомоПуччини. 1858 - 1924: Краткий очерк жизни и творчества: Книжка для юношества / Т. Г. Келдыш. - Л. :Ленинград, 1962 - 88 с. : ил.О жизни и творчестве итальянского композитора Джакомо Пуччини.

2. Великие музыканты 20 века / Авт.-сост. Д. Е. Сидорович.- М. : Мартин, 2003 - 512с.,12л. фот.Книга рассказывает о великих музыкантах 20 века.

3. Базарнова, В. В. Музыкальный календариус / В. В.Базарнова//Музыка и время. - 2003 - №12.-С. 52-59. - портр.
О юбилярах - музыкальных деятелях декабря 2003 года.

4. Великие музыканты 20 века [Текст] / Авт.-сост. Д. Е. Сидорович.- М. : Мартин, 2003 - 512с.,12л. фот.

5. Пуччини, Дж. Письма [Текст] : пер. с итал. И. Константиновой / Пуччини, Джакомо. - Л. : Музыка, 1971 - 366 с. : ил. В книге представлена переписка итальянского композитора Джакомо Пуччини.